दिन– गुरूवार | दिनांक–30.10.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ | अवधि– 05 मिनट

---

बिहार विधानसभा चुनावक पहिल चरणक मतदान लेल प्रचार–प्रसार अभियान चरम पर आबि गेल अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आइ मुजफ्फरपुर आओर छपरा मे चुनावी रैली के संबोधित कयलनि। ओ कांग्रेस आओर राजद पर छठि पावनिक अपमान करेबाक आरोप लगौलनि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे एक दिस विपक्षी दल ई पावनि के ड्रामा जना रहल छथि। ओतहि दोसर दिस, एनडीए आओर भाजपा बिहारक भाषा, बोली, संस्कृति आओर विरासत के प्राथमिकताक आधार पर बढ़ावा देबाक लेल वचनबद्ध अछि। श्री मोदी जनौलनि जे बिहारक जनता ई अपमान के कतेको सदि धरि नहि विसरत किएकि ई हुनक स्वाभिमान पर हमला छनि। ओ जनौलनि जे वंशवादक राजनीति कांग्रेस आओर राजदक मुख्य पहिचान अछि। श्री मोदी राजदक चुनावी प्रचार मे पेस्तौल, छूरी आओर बंदुकक गप होयब पार्टिक मानसिकता के देखाबैत अछि आओर पहिने बनल जंगलराजक याद दियाबैत अछि। श्री मोदी छपरा मे चुनावी सभा के संबोधित करैत जनौलनि जे महागठबंधनक घोषणा पत्र भ्रष्टाचारक गठरी अछि। ओ जनौलनि जे एनडीए सरकार बिहारक विकास लेल प्रतिबद्ध अछि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे सरकारक उद्देश्य राज्य सँ युवा सभक पलायन के रोकब अछि।

---

एम्हर, भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह लखीसराय मे चुनावी सभा के संबोधित करैत महागठबंधनक घटक दल पर बिहारक सांस्कृतिक विरासत के अपमानित करबाक आरोप लगौलनि। ओ जनौलनि जे छठि पावनि पर आपत्तिजनक बयान दऽकऽ ई सभ दल अपन मनोदशाक परिचय दऽ देलक अछि। श्री शाह जनौलनि जे नीतीश कुमार जंगलराज के हटाकऽ बिहार मे विकासक नवयुग शुरू कयलनि अछि। ओ लोकसभ सँ एनडीय उम्मीदवार सभ के जितेबाक लेल जनौलनि।

---

जदयूक वरिष्ठ नेता आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बेगूसरायक मटिहानी आओर खोदबंदपुर मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। ओ अपन सरकारक उपलब्धिक चर्चा करैत जनौलनि जे न्यायक संग विकास एनडीए सरकारक प्राथमिकता रहल अछि।

———————————————————

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी नालंदाक नूरसराय आओर शेखपपुराक बरबीघा मे महागठबंधनक उम्मीदवारक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री गांधी प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी पर छठि पावनि के लऽकऽ वोट बैंकक राजनीतिक कारबाक आरोप लगौलनि। ओ जनौलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आब कोनो निर्णय स्वयं नहि लऽ रहल छथि। दिल्ली सँ ओ कंट्रोल कयल जा रहल छथि।

———————————————————

एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादवक आइ होबयवला कतेको सभा खराब मौसमक कारण नहि भऽ सकल। श्री यादव दरभंगाक गौराबौराम में वीआईपी प्रत्याशी संतोष सहनीक लेल वोट मांगलनि। एम्हर, मुजफ्फरपुरक कांटी मे एक चुनावी सभा के संबोधित करैत श्री यादव जनौलनि जे ओ जेकिछु जनौलनि अछि, ओहि के ओ पूरा करताह।

———————————————————

ए.आई.एम.आई.एम. प्रमुख असदुद्दीन ओवैसी आइ सीमांचल मे पार्टी उम्मीदवार सभ के जितेबाक लेल कतेको जनसभा के संबोधित कयलनि। ओ महागठबंधन पर निशान साधैत जनौलनि जे अल्पसंख्यक के आब वोट बैंकक रूप मे इस्तेमाल नहि कयल जा सकत।

———————————————————

दोसर दिस भाकपा मालेक महासचिव दीपंकर भट्टाचार्य दरौली विधानसभा क्षेत्रक गुठनी मे पार्टी प्रत्याशी सत्यदेव राम के जितेबाक लेल चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। ओ जनौलनि जे एहि बेर बिहारक जनता बदलि करबाक मन बना लेलक अछि। संगहि, जनसुराज पार्टी, जनशक्ति जनता दल, बहुजन समाज पार्टी सहित आनो–आन दलक नेता सभ धुंआधार प्रचार–प्रसार कऽ रहल छथि।

———————————————————

सूचना आओर प्रसारण मंत्रालयक अवर सचिव सुजीत नाथ चरण जनौलनि जे स्वच्छता मे पवित्रताक निवास होयत अछि। स्वच्छता अभियान फाइव प्वाइंट–ओ क समीक्षा लेल

आकाशवाणी पटना जाकऽ देखलनि आओर एहि बीच ओ जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक अगुआई मे देशक सरकारी संस्थान के स्वच्छ आओर हरित वातावरण देबाक लेल हरेक वर्ष ई अभियान चलाओल जायत अछि। ओ जनौलनि जे ई अभियान मे ई–वेस्टक निस्तारण पर विशेष ध्यान देल गेल। श्री चरण आकाशवाणी पटना मे एकैस स्वच्छता अभियान चलायब आओर तीन सय सँ बेसी गाछ लगेबाक लेल प्रशंसा सेहो कयलनि। एहि बीच, ओ **एक पेड़ मां के नाम** अभियान मे आकाशवाणीक परिसर मे पौधा रोपलनि।

———————————————————————

चक्रवाती तूफान मोन्थाक असरि सँ प्रदेशक मौसम बदलल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे राज्यक कतेको क्षेत्र मे बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे आइ पूर्वी आ पश्चिमी चम्पारण, दरभंगा, सुपौल, मुजफ्फरपुर, वैशाली आओर सारण जिला मे किछु ठाम झमाझम बरखा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।